Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 48 (9958) 8 декабрь 2023 с. / Рузман 25 джумадул аввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## 9 декабря-День героев Отечества

**В этот день традиционно чествуют героев Советского Союза, Российской Федерации, полных кавалеров орденов Славы и Святого Георгия.**

**В чествовании Дня героев принимают участие представители региональных властей и культурных учреждений. В последние годы в разных регионах России проводятся различные мероприятия, связанные с почитанием многовековой истории российского воинства.**

## Решение

04 декабрь 2023 г. № 38

**«О проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования»**

В соответствии с пунктом 19 главы 3 Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гертма», утвержденного решением Собрания депутатов сельского поселения от 29.05. 2017 г. № 6/07 (далее - Положение), Собрание депутатов сельского поселения»

**РЕШИЛО:**

1. Объявить конкурс по отбору кандидатов на замещение должности главы муниципального образования «село Гертма».

2. Установить дату проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гертма» 29 декабря 2023 года.

Конкурс провести в здании администрации сельского поселения «село Гертма»

Время начала конкурса - 10:00 ч.

3. Конкурс проводится в соответствии с условиями (прилагается), определенными Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гертма».

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 08.12.2023 г. по 28.12. 2023 года.

5. Определить место приема документов здание администрации сельского поселения «село Гертма» в рабочие дни с 08:00 до 17:00 часов.

6. Назначить следующих членов конкурсной комиссии (половина состава):

1. Абдулатипов Абдула Абдулатипович
2. Гаджиханов Гаджихан Газихмаевич

7. Направить настоящее решение главе муниципального района для назначения второй половины состава конкурсной комиссии.

8. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте поселения в сети.

***Председатель Собрания Абдулатипов А. А.***

## Порядок

### избрания главы муниципального образования «село Гертма»

1. Глава сельского поселения «село Гертма» избирается Собранием депутатов сельского поселения «село Гертма» (далее - Собрание депутатов) из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса.

2. Вопрос об избрании главы муниципального образования из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса (далее - кандидаты), выносится на рассмотрение Собрания депутатов в срок не позднее 10 календарных дней со дня внесения конкурсной комиссией решения по результатам конкурса в Собрание депутатов.

3. Заседание Собрания депутатов проводится с участием кандидатов, отобранных конкурсной комиссией. Кандидаты извещаются Собранием депутатов о дате, месте и времени его заседания.

4. Результаты конкурса и информация о кандидатах на заседании Собрания депутатов представляются председателем конкурсной комиссии в его докладе.

5. Кандидаты на должность главы сельского поселения «село Гертма» вправе выступить перед Собранием депутатов с изложением своей программы.

6. Избрание главы сельского поселения осуществляется депутатами Собрания депутатов путём открытого голосования. В ходе голосования каждый депутат может голосовать только за одного кандидата.

7. Кандидат считается избранным главой сельского поселения в случае, если за него проголосовало более половины от установленного числа депутатов Собрания депутатов. В случае, если голосование проходило по двум кандидатам, ни один из кандидатов не набрал необходимого для избрания числа голосов, решение по избранию главы сельского поселения признается не принятым, а выборы не состоявшимися.

8. В случае, если голосование проходило по более чем двум кандидатам, и ни один из них не набрал необходимого для избрания числа голосов, проводится повторное голосование по двум кандидатам, набравшим наибольшее число голосов. При этом повторное голосование проводится на том же заседании.

9. По итогам повторного голосования, избранным считается кандидат, получивший при голосовании большее число голосов депутатов по отношению к числу голосов, полученных другим кандидатом.

10. Результаты выборов главы сельского поселения оформляются в форме протокола, который подписывается председательствующим и секретарём заседания Собрания депутатов.

11. Избрание главы сельского поселения, а также признание выборов не состоявшимися оформляется Решением Собрания депутатов, не требующим дополнительного голосования.

## Конференциялда гIахьаллъана



1 декабралда МахIачхъалаялъул гьудуллъиялъул Рукъоб тIобитIана «Цогояб Россия» партиялъул Дагъистаналда бугеб регионалияб отделениялъул XXXIV-абилеб конференция.

Гьенир гIахьаллъана халкъияб Собраниялъул депутатал, министрал, рехсараб партиялъул регионалияб политсоветалъул членал ва отделениябаздаса делегатал.

Гьезда гьоркьор рукIана нилъер районалдаса делегаталги. Гьел ккола «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул политсоветалъул секретарь ХI. ХI. Мусаев, гьелъул ишал тIуралев секретарь Мурад Ибрагьимов ва член Хункарби МухIамадхIабибов.

Конференциялъул хIалтIи нухда бачана рехсараб партиялъул регионалияб отделениялъул секретарь Сергей Меликовас.

Конференциялда хал гьабурал суалазул аслияллъун рукIана регионалияб отделениялъул хIалтIуда, цере чIарал масъалабазда, политсовет, гьелъул президиум цIигьариялда, партиялъул XXI съездалде делегатал рищиялда хурхарал суалал.

ХI. ХI. Мусаев гьенив регионалияб политсоветалъул членлъун вищана. Гьединго, «Гьаракь кьеялъул цогояб къо-2023» рищиязул кампаниялъулъ лъураб хасаб бутIаялъухъ, ХI. Мусаев «Цогояб Россия» партиялъул регионалияб политсоветалъул Баркалаялъул кагъаталъеги мустахIикълъана.

## Аппараталъул данделъиялда…

5 декабралда районалъул администрациялда тIобитIана аппаратаълъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъулгун гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Гьелъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана росдал магIишаталъул хIалтIаби ахиралде щвеялда, муниципалиял унитариял предприятиябазда (МУПазда) хиса-басиял гьариялда, армиялде гIолилал ахIиялъул кампания бетIералде бахъинабиялда ва законалде данде кколеб къагIидаялда, газ бачун бугел росабазул цо-цо объектазде гьеб бачин ахиралде щвезабиялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна росдал магIишаталъул управлениялъул директорасул заместитель Хункарби МухIамадхIабибовас.

Гьес, цифрабаздалъун ва гIатIидгьабун, данделъаразе баян кьуна гьаб соналъ районалъул росдал магIишатазда ккарал хIасилазул, дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Гьес бицаралда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«Баркала буго республикаялъул ярмаркаялда районалъул байдан хIадурарал киназего. Нилъеда лъала росдал магIишаталъул специалистал хIажат рукIин. Гьелъ, лъайкьеялъул гIуцIабаз ва гьелда тIад хIалтIIизе тIадаз кIвар кьезе ккела гIолилаз гьеб рахъал тIаса бищиялде»*,-ян.

КIиабилеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна администрациялъул юридическияб отделалъул начальник АбутIалиб АбутIалибовас.

Гьес жиндирго кIалъаялда бицана «Казбектранс», «МТС Казбековская», «Хубар» ва «Казбековское» МУПазул хIалтIи чIезабизе ккеялъул. Гьелъие гIиллалъун рикIкIунеб буго гьел гIуцIиял пайда кьолеллъун гьечIеллъиги гьезда тIад цIикIкIарал налъаби рукIинги.

Гьес бицаралда тIасан ХI. ХI. Мусаевас абуна: *«Нилъеца лъабго МУПалъул хIалтIи чIезабиялъе график гьабун буго. Налъаби гьез рецIиялда тIад хIалтIIизе ккола ва 2024 соналъ гьел рукIине кколаро. Гьебго ккола росабазул МУПазеги»*,-ян.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас.

Гьес армиялде гIолилал ахIиялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул бицана.

Гьесул кIалъаялда хурхун, ХI. Мусаевас бадичIваял гьаруна кампания, кколеб къагIидаялда, нухда иналъулъ риччарал гъалатIазухъ.

*«Росабазул бутIрул, ВУСАзул специалистал ва гьеб суал жидеде кколел, цадахъ рекъон ва заманалда хIалтIулел ругони, гьелъулъ проблемаби рукIине гьечIо»*,-ян абуна гьес.

Законалъул кьучIалда, газалдалъун хьезарурал росабалъ ругел ва жеги газ щвечIел объектазде гьеб бачиналъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник бицана ХIамзат ХIадаевас.

Данделъи ахиралде щвана ХI. Мусаевас жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьеялдалъун.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Кидаго ракIалдаса инаро

гьум. 3 Байрамалда хурхун...

гьум. 4 Спорт

# 3 декабрь-ЦІарлъаларев рагъухъанасул Къо!

**3 декабралда Россиялда кІодо гьабуна ЦІарлъаларев рагъухъанасул Къо. 1966 соналъул 3 декабралда Москваялъул Кремлялъул къадал ракьанда, Александровасул ахикь букъана КІудияб ВатІанияб рагъулъ чІварав ЦІарлъаларев Советияв рагъухъанасул жаназа.**

**Гьелдалъун СССРалъе нухмалъулезе бокьана рагъда чІварал бахІарзал ракІалде щвезари даимаблъун гьабизе.**

**Дилим росулъ ЦІарлъаларев рагъухъанасе памятник рагьана 1966 соналъул 19 ноябралда «Къанирзо» участокалда. Хадусан ( 1968 сон) гьеб жакъа памятник бугеб бакІалде гочинабуна.**

**Гьоркьехун бахъулеб буго гьеб памятник рагьиялъул хІакъалъулъ архивалдаса босараб материал.**

*Архивалдаса босараб (№ 142 «Коммунист» газета, 22.11. 1966 с.)*

## Рохалилаб митинг тІобитІана

*Гьаб сонил 19 ноябралда, къаде сагІат кІиго тІубараб заманалда райцентралда тІобитІана КІудияб ВатІаналъул рагъулъ нилъер эркенлъиялъе ва жакъасеб талихІалъе гІоло бахІарчилъиялда хварал нилъер ракьцоял, районалъул рагъухъаби ракІалде щвеялъе гІоло, районалъул захІматчагІазул къуватаздалъун, гьабураб памятник рагьиялъул рохалилаб митинг.*

# Кидаго ракІалдаса инаро



*Сураталда: 1966 соналъ ЦІарлъаларев рагъухъанасе Дилим росдал «Къанирзо» участокалда памятник рагьулеб лахІзат.*

19 ноябралъул къаде сагІат кІиго тІубалеб заман. Райцентралъул бакътІерхьул рахъалъ бугеб «Къанирзоялде» цІал-цІал бахъун унел руго учреждениязул организациязул ва предприятиязул хъулухъчагІи, хІалтІухъаби, Кировасул цІаралда бугеб колхозалъул колхозчагІи, гьоркьохъеб школалъул цІалдохъаби ва рукъазаул хозяйкаби.

Гьенирго хъахІаб ххамица бахчизабураб памятникалда аскІор чІун рихьула районалъул росабазул захІматчагІазул вакилзаби. Хал гьабураб заманалда гІахьалчагІазул щивасул гьурмазда ва рагъа-рачариялъулъ бихьулеб буго кинабалиго тІадегІанаб къуваталъул ракІчІей, хирияб ВатІаналдехун бугеб ритІухълъи ва халкъалъул талихІалъе гІоло жал кидаго хІадур рукІиналъул асар.

Нилъер улкаялда къанагІатги ратизе гьечІо хъизан, вас, эмен, вац, рос ва цогидалги гІагарлъиялъул гІадамаз КІудияб ВатІаналъул рагъулъ гІахьаллъи гьабичІеб. Нилъер районалдаса ВатІаналъул рагъулъ, бахІарчияб къагІидаялда, гІахьаллъи гьабуна 1301 чияс. Гьезул 743 чи тІадвуссинчІо ва гьез жидерго гІолохъанаб ва аваданаб гІумру кьуна нилъер жакъасеб гвангъараб талихІалъе ва жегиги гьайбатаб букІинеселъе гІоло.

ГІахьалчагІаздехун, къокъабго кІалъайги гьабун, митинг рагьана КПССалъул райкомалъул тІоцевесев секретарь П. ХІажимурадовас. Гьес жиндирго кІалъаялда бицана, коммунист партиялъул нух бихьизабиялда гьоркь, Совет Союзалъул ва гьелдаго цадахъ нилъер районалъул рагъухъабаз ва захІматчагІаз Гитлерил гІаштІичагІазда тІад бергьенлъи босиялъе гІоло гьабураб бахІарчияб кьеркьеялъул хІакъалъулъ, ва даимаб рецц гьабуна ВатІаналъе гІоло рухІ кьурал районалъул рагъухъабазе.

Памятникалда тІаса, бигьа гьабун, хъущтІун ана гьеб бахчизабун букІараб хъахІаб ххам, ва балагьаразда цебе чІана, гъажалда автоматгун, рагьараб ва бахІарчияб гьумералъул залимав ва кьвararав солдатасул сифат. Гьелъул ахада меседилал хІарпаз хъван буго: *«Нилъер ВатІаналъул эркенлъиялъе, жибго-жиндаго чІеялъе, халкъалъул букІинесеб талихІалъе гІоло.*

*1941-1945 соназ ВатІаналъул рагъулъ хварал ракьцоял бахІарзазе даимаб рецц. ВатІаналъе гІоло рухІ кьурал ракІалде щвеялъе Казбек районалъул захІматчагІазул рахъалдасан»*,- абун.

Митингалда гІахьаллъи гьабураз хварал бахІарзал ракІалде щвей кІодо гьабуна минуталъулаб сихІкьотІиялдалъун.

Митингалда, цоцазда хадур, кІалъазе рахъана районалъул рагъулав комиссар Г. Воротников, ВатІанияб рагъул гІахьалчи Зубайри Сайдулаев, рагъазулъ гІемераб гІагарлъиялдаса ятІалъарай Нугъай Атабаева, ВЛКСМалъул райкомалъул хІалтІухъан М.-с. Абакаров ва Дилим росдал гьоркьохъеб школалъул цІалдохъан Забидат СагІидова.



*Сураталда: гьанжесеб бакІалда бугеб гьебго памятник.*

Митинг лъугІана. Репродукторалдасан Совет Союзалъул Гимн ахІана. Памятникалда цере хъулухъчагІазгун колхозчагІаз гІемерал тІугьдузул кваццаби лъуна, гьенирго эхетана, КПССалъул райкомалъул, райисполкомалъул, ВатІанияб рагъда гІагарлъи тІагІараб хъизабазул ва пионеразул рахъалдасан, тІугьдузул горалги.

# БахІарзазе рецц!

*(Райвоенком Г. Воротниковасул кІалъаялдаса)*

КІудияб ВатІанияб рагъ букІана нилъер улкаялъул жамгІиябгун экономикияб кьучІ ва гІемерал миллатазул гьудуллъиялъул унго-унгояб хал гьабилъун. ДагъистаналЪ ВатІаналъул рагъулъе ритІана 110 азарго лъикІаздасан лъикІал васалгун ясал, гьезда гьоркьор рукІана нилъер районалъул 1301 чи.

Дагъистаналъул рагъухъаби: гІурусаз, авараз, лъарагІаз, лаказ, лезгиназ, даргиназ ва цогидазги гІорхъи гьечІеб бахІарчилъи бихьизабуна жидерго хирияб ВатІан цІуниялъулъ.

Гьезда гьоркьоб мустахІикъаб бакІ ккуна нилъер районалъул гІолохъабаз. Гьезул 10-10 чи хІукуматалъул орденаздалъун ва медалаздалъун кІодо гьавуна.

ВатІаналъе гІоло рухІ кьуразул цІарал нилъее бищунго хирият ва гІагарал руго. Ине риччай гьанжеялдасаги анцІ-анцІ сонал, ва биччанте ракьалда рекъел букІине, нилъедаян абуни, ракІалдаса даимго инаро жакъасеб талихІалъе гІоло гІумру кьурал гьайбатал рагъухъабазул бахІарчиял цІарал.

# БахІарчилъиялъе гІорхъи букІинчІо

*(Рагъул гІахьалчи З. Сайдулаевасул кІалъаялдаса)*

Нилъ киналго нугІзалъун руго Гитлерил фашистал нилъер улкаялде тохлъукьего тІаде кІанцІиялъе. ПащтІичагІаз жидерго ихтиярала бугеб кинабниги къуваталъул 70 % Совет Союзалъулгун гьабулеб рагъде буссинабун букІана.

Циндаго заманалъе щвараб бергьенлъиялъул пикруялъ гьагІлъизарурал хъамалчагІаз, батІалъи гьабичІого ва гІасияб зулмуялдалъун, чІвалел рукІана нилъер улкаялъул руччаби, херал гІадамал ва гІисинал лъимал.

ГІагараб партиялъул нух бихьизабиялда гьоркь, фронталда рагъухъабаз ва тылалда захІматчагІаз бихьизабураб бахІарчилъиялъе гІорхъи букІинчІо, щаян абуни, щивасда лъалаан сундуе гІоло жив кьеркьолев вугевали.

Коммунист партиялъ ва Советияб хІукуматалъ цебе лъураб, «Кинабго - рагъул ишалъе!» абураб ахІиялда гьоркь, Советияб халкъалъ жидерго хІаракатчилъи ва захІмат кьуна, тушман къезави мурадалда, рагъулаб ишалъе ва гьеб талихІаб эркенлъи, ясбер гІадин, цІунун нилъехъа бажарана.

Нилъеда кидаго кІочене бегьуларо гьеб захІматаб заман ва нилъ хадурги хІадур рукІине ккола нилъерго эркенлъи цІуниялде.

# Бергьана ритІухълъи

*(Пенсионерка Н. Атабаевалъул кІалъаялдаса)*

Чанго захІматал къоял, моцІал ва сонал хІехьана ВатІаналде къо ккараб, хІинкъи бугеб рагъулаб заманалда нилъер улбуз, яцаз ва лъудбуз. Гьемерал чІахІиял ва гІолохъанал руччаби кидагоялъе ратІалъана гІумруялъул гьудулзабаздаса, васаздаса,вацаздаса, вацІгІалзабаздаса ва цогидабги гІагарлъиялдаса.

Гьеб заманалда дунги махІрумлъана 1 васасдаса, 3 вацасдаса, 4 вацІгІалацдаса,1 вакьадвасасдаса ва гІемерал росасул вацІгІалзабаздаса. Амма захІмалъунилан нилъ тушбабазе къуркьичІо, щаян абуни, нилъ рагъулел рукІана нилъерго хирияб ВатІан ва эркенлъи цІуниялъе гІоло.

Дица ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабула, гьел нилъер бахІарзал ракІалде щвеялъе гІоло, районалда памятник базе квербакъи гьабураб гІагараб партиялъе ва Советияб хІукуматалъе.

# Гьеб букІана 1941 сон

*(ВЛКСМалъул райкомалъул хІалтІухъан М.-с. Абакаровасул кІалъаялдаса)*

1941 сонил 22 июналъул цудунаб рогьалил гІужалъ хирияб ВатІаналъул БакътІерхьул рахъалдасан гІасияб гъугъай бахъана. Гьеб букІана, немцазул фашистаз нилъер улкаялде тохлъукьего тІаде кІанцІиги гьабун, гвангъарал шагьаразде, росабазде, ва, халкъалъул талихІаб гІумруялде ишан ккун, кьвагьулел гІарадабазул ва рехулел бомбабазул рокьукъал гьаркьал.

Амма гьединал хъамалчагІи нилъеда гІемер рихьун рукІана. Гьединлъидалин кинабго Совет халкъалъ рагъулъ инсаниятальул тарихалда меседил хІарпаз хъвараб бахІарчилъи бихьизабураб.

Кьеркьеялъул тІоцебесеб кьеразулъ рукІана комсомольцал ва гІолилал. Гьез цІадулаб рагъулъ бихьизабуна цІар рагІараб бахІарчилъи ва гІорхъи гьечІеб ритІухълъи.

ВатІаналъе гІоло рухІ кьуна Советиял гІадамазул 20 миллион гІанасев чияс. Гьединаб кьварараб ва кІудияб рагъ дуниял бижаралдаса киданиги ккун букІинчІо. Гьеб рагъулъ советиял гІолилаз бихьизабуна жал коммунист партиялъул ва советияб халкъалъул унго-унгоял божилъи бугел васал рукІин. Гьелъ кІудияб квербакъи гьабуна тушманасда тІад бергьенлъи босиялъе.

Рагъалдаса хадубги комсомольцаз ва гІолилаз свак гьечІеб кьеркьей гьабуна ва гьабулебги буго бокьулеб ВатІан жеги тІегьай мурадалда. ГІолилал кидаго хІадурал руго, партиялъул тІалабазда рекъон, Советияб улка цІуниялъе къуват кьезе.

# Ниж мисаллъун рукІина

*(ЦІалдохъан З. СагІидовалъул кІалъаялдаса)*

ГІемераз жидерго гІумру кьуна талихІаб букІинеселъе гІоло. Ниж-пионеразда, гьел гІасиял рагъазул хІакъалъулъ лъала умумузул биценаздасан ва тІахьазда хъварал хабараздасан.

Ниж чІухІарал руго ВатІаналъе рагъул бахІарзал-цІалдохъаби ва гІолилал: Володя Дубининидаса, Валя Котикасдаса, Марат Казеевасдаса, Зоя Космодемьянскаялдаса, Саша Чекалинидаса, Олег Кошевоясдаса, дагъистаниял МухІамад ХІажиевасдаса, Валентин Эмировасдаса, Юсуп Акаевасдаса ва гІемерал цогидаздасаги, жидеца жакъа эркенаб ва роцІараб зобалда гъоркь нилъеца талихІаб яшав гьабиялъе, цІалиялъе ва цогидалъеги гІоло, щибго хІинкъичІого, рухІал кьурал.

Нилъер ВатІаналъул эркенлъиялъе ва жибго жиндаго чІеялъе гІоло хваразе даимаб рецц!

*Гьумер хІадур гьабуна Ибрагьим Идрисовас*

# Ярмаркаялда гІахьаллъана




ГІадатлъун лъугьун буго ихдалги хаслихъеги росдал магІишатаз нилъер районалда ярмаркаби тІоритІи. ТІоритІула гьел республикаялъул даражаялдаги.

29 ноябралда МахІачхъала шагьаралъул Ленинил цІаралда бугеб байданалда тІобитІараб ярмаркаялда гІахьаллъана нилъер районалъул делегацияги. Ярмарка рагьи аграриябгун промышленнияб комплексалъул хІалтІухъабазда баркизе рачІана Дагъистаналъул бетІер Сергей Меликовги хІукуматалъул председатель ГІабдулмуслим ГІабдулмуслимовги.

Республикаялъул бетІерас хІалтІулъ церетІеял рихьизарурал хІалтІухъабазеги захІматалъул ветераназеги гьенир шапакъаталги кьуна. Гьезда гьоркьор рукІана Буртунаялъул *«Хасаевасул ва Къасумовасул»* ва Паркьухъ росдал *«БагІараб Октябрь»* СПКязул хІалтІухъаби: МухІамад Абакаровги Мадина НурмухІамадоваги.

Узухъда, росдал магІишатазул нигІматазул рахъалдасан, гІезегІанго бечедаблъун букІана гьеб ярмарка. Гьелде тІадеги, гьезул багьа базаралъул багьаялдаса учузаб букІана.

Нилъер районалъул магІишатаз гьенир цере рахъун рукІана хІайваналъул, гІиял, ритІучІил гьан, рахьдал нигІматал, урба, батІи-батІиял пихъалгун овощал, хъабахъ, бакъвараб гьангун бакьал, цІоросаролъил ханжу, пиринчІ, бахъухъ ва гь.ц.

Гьелдаго цадахъ, нилъер районалъул аграрияз республикаялъул социалиял учреждениябазе 250кг. пиринчІалъулги, 200 кг. картошкадулги, 30 кг.поролги кьуна.

***Хункарби МухІамадхІабибов,***
***УСХялъул директорасул заместитель***

# Умаров Магомедсадык Гаджиевич



На 85-м году жизни нас покинул Умаров Магомедсадык Гаджиевич.

Он стоял у истоков создания турындустрии Дагестана. Он более 20 лет проработал председателем Совета по туризму и экскурсиям ДАССР (ныне министерство по туризму и НХП РД).

Под его руководством туризм стал развиваться активными темпами, по республике проходили всесоюзные маршруты, по которым путешествовало множество туристов со всех уголков СССР.

Коллеги вспоминают его как порядочного, доброго и грамотного руководителя, большая часть его жизни была посвящена выполнению своего профессионального долга.

Руководство , коллектив министерства по туризму и НХП РД выражают искренние соболезнования родным , близким Магомедсадыка Гаджиевича и разделяют с ними горечь утраты.

Магомедсадык навсегда останется в сердцах тех, кто его знал.

Районалъул администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хІалтІухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва гІага-божаразда

**МухІамадсадикъ ГІумаров**

гІумруялдаса ватІалъиялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

*3 декабрь-инвалидазул Къо!*

# Байрамалда хурхун...

Ахирияб заманалда хІукуматалъул, рес бугезул, жеги гІадатиял гІадамазулгицин, гІезегІанго хисун буго сакъатлъи чорхолъ бугездехунисеб бербалагьи. Гьеб бихьизе бегьула тІоритІулел тадбиразулъги гьабулеб кумекалъулъги.

Районалъул СМИяз гІемер бицана ва хъвана нилъер реабилитационнияб Централъул гІумруялъулги гьелъие кумек гьабулезулги хІакъалъулъ.



Узухъда, инвалидазул къоялъги гьеб централда букІана байрамалъулаб чІаголъи. *«Баке дурго цІва, гьелъул гванзъи сайгъат гьабе цогидасеги»* цІаралда гъорк, инвалидазул къоялда хурхараб декада рагьиялъул тадбир рехсараб централда тІобитІана *«Арбабаш»* халкъияб ансамблялъ.

Абизе ккола гьелъул гІахьалчагІазул церерахъиназ сакъатазул ракІазе кІочене гьечІеб асар гьабунин, гьеб гьезул хьвада-чІвадиялъулъги гьурмазда бугеб рази рукІиналъул кунчІиялъулъги бихьулаан.

Гьез хІаракат бахъулеб букІана кучІдул ахІулезда цадахъ гьел ахІизе ва кьурдизе. Централъе нухмалъулей Фатима СултанмурадовалЪ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна сакъатазул рахъ кколел, гьезие хІажатаб кумек гьабулел захІматалъулгун социалияб рахъал цебетІезабиялъул министерстволъе, районалъул администрациялъе, спонсоразе ва умумузе.

Хасаб баркала гьелъ кьуна *«Фаберлик»* компаниялъул миллияй директор Марьяна ГІумаровалъе. Фатимаца абуна: *«Марьяна ккола централъул кидагосей спонсорлъун. Гьаб байрамги гьелъ гІуцІараблъун ккола. Гьей киданиги нижехъе сайгъаталгун гурони, ячІунаро»*,-ян.

Централъул хІалтІухъабазе лъималазул тІалаб-агъаз гьабиялъухъги гьезде умумузул бербалагьи букІиналъухъги, умумузул рахъалдасан, баркала загьир гьабурал кІалъаял гьенир гьаруна Кишбика МуслимовалЪ, Мадина МухІамадгІалиевалъ ва Наталья КачалаевалЪ.

***Наида ГІалижанова, реаблитационнияб Централъул директорасул заместитель***

# «Интеллектуал-2023» хІай тІобитІана

Дагъал церегІан къояз, районалъул депутатазул Собраниялда цебе гІуцІараб гІолилазул парламенталъул член МухІидин МухІамадовасул хІаракаталдалъун, ЦТ-КНРалда тІобитІана, тІадехун рехсараб цІаралда гъорк, хІай.

Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гІолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъ, лъайкьеялъул управлениялъ рахъ ккураб гьеб тадбиралда гІахьаллъана районалъул школаздаса 8-11 классазул цІалдохъабаздасан гІуцІарал командаби.

Рехсараб хІай гІуцІиялъул мурадлъун букІана цІалдохъабазул цІодорлъи цІикІкІинаби, гьезул гражданиябгун патриотикияб, рухІиябгун хьвада-чІвадиялъулаб рахъал лъикІлъизари, бажари, махщел ва лъай цІикІкІарал цІалдохъаби тІатинари, гьезул церетІеял рукІиналъе квербакъи.



Ункъо бутІаялдасан гІуцІараб хІаялъулъ гІахьаллъараб ва анлъ-анлъ чиясдасан гІуцІараб 10 командаялъ, тІубараб къоялъин абухъего халатбахъараб, гьелъулъ рихьизаруна нахъгІунтІи, хехаб ва битІараб пикруялде бачІине бажари букІин.

Киналниги бутІабазда ккарал хІасилазул хал гьабун хадуб баянлъана тІоцебесеб бакІалде Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул команда бачІараблъи, кІиабилебгун лъабабилеб бакІазде Дилим росдал гимназиялъулги лицеялъулги командаби рачІараблъи. Призалъулал бакІал росарал командаби гьенир, макъалаялъул байбихьиялда рехсараб отделалъул рахъалдасан, кубоказдалъун, медалаздалъун, дипломаздалъун ва гІарцулал шапакъатаздалъун кІодо гьаруна. Гьединго, гьенир лъикІал хІасилал рихьизарурал цІалдохъабиги кІодо гьаруна.

***МахІмуд ДавудхІажиев***

# «ТІоцересезул багъа-бачари» гІуцІиялъул отделениялъул конференциялда...

1 декабралда лицеялда тІобитІана *«ТІоцересезул багъа-бачари»* гІуцІиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул тІоцебесеб конференция.

Гьеб отделениялъ тІоритІарал тадбиразул хІакъалъулъ нижеца цо чанго нухалда хъванги букІана.

Конференция тІобитІиялъул мурадлъун букІана отделениялъул Совет гІуцІи, гьелъул председатель вищи ва регионалияб конференциялде делегатал рищи. Гьениб щивав вищулев кандидатас жиндирго хасаб программа цебе бахъизеги, церетІеязулгун интересазул бицинеги, суалазе жавабал кьезеги кколаан.

Полилаб ригьалдаго гьединал тадбиразда гІахьаллъиялъ, узухъда, цІалдохъабазе рес кьола школазул гІумруялъулъ жигараб гІахьаллъи гьабизе, жидерго букІиниседа тІад лъикІ ургъизе, ва жидеда сверухъ лъугьунелъе асар гьабизе.



*«ТІоцересезул багъа-бачари»* Советалъул председательлъун гьений Гуни росдал гимназиялъул цІалдохъан Асият Писаева йищана. Гьелъул заместительлъун лицеялъул цІалдохъан Хадижат Уланбековаги йищизаюна.

Гьединго, гьеб тадбиралъул гІахьалчагІаз бачІунеб соналда гьаризесел хІалтІабазулги бицана. Араб заманалда рехсараб гІуцІиялъ тІоритІарал тадбиразда жигараб гІахьаллъи гьабураздасан гьениб гІуцІана 13 декабралда республикаялъул тахшагьар МахІачхъалаялда тІобитІизе бугеб регионалияб конференциялде делегаталги.

Данделъиялъул ахиралда *«ТІоцересезул багъа-бачари»* гІуцІиялъул бакІалда бугеб отделениялъул председатель Наида ЮсуповалЪ абуна:*«Нилъеда цебе чІараб масъала буго гІолеб гІел жамгІиятальул гІумруялъулъ жигараб гІахьаллъи гьабиялде хІадур гьаби, гьелъул хьвада-чІвади лъикІаб рахъалде хисизаби, къокъгьабун абуни, киназулго гІумру лъикІаблъун лъугьинаби»*,-ян.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

*Спорт -инсанасул сахлъи*

## Волейбол

Дагьал церегIан къояз МахIачхъалаялда тIобитIана, *«Альтаиралъул Кубок»* цIаралда гъорк, 2006 соналъ гьарурал ва гьездаса дагьалъ гIисинал ясазда гьоркьоб республикаялъул волейбол хIаялъул турнир.



Гьениб гIахьаллъана М.-ш. Пазаевасул спортшколалдаса командаги.

ХIалуцарал хIаяздаса хадуб, нилъер команда кIиабилеб бакIалде бачIана.

Гьеб турниралда *«Бищунго лъикI гьужум гьабулей»* цIаралъе мустахIикълъана Упият Алясаева. Нилъер команда гьениб кIодо гьабуна кубокалдалъун, медалаздалъун ва грамотабаздалъун.

Командаялъул тренерлъун Наида Алясаева ккола.

## Эркенаб гугари

Дагьал церегIан къояз Грозныялда тIобитIана эркенаб гугариялъул Халкъалдагьоркьосеб турнир ва гьенир Муса Пазаевасул спортивияб школалъул гугарухъабиги гIахьаллъана.



Гьенир, жиде-жидер цIайиялда, лъабабилеб бакIалде рачIана ПаIим Темиров, МухIамад-Камиль Улубиев, МухIамаднур Идрисов, Имамшамиль Улубиев ва СагIид МухIамадов.

Гьезул тренерлъун ПаIисултан Качалаев ккола.

## Призалъулаб бакI босана

Гьал къояз Гъаякент районалда тIоритIана, Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, гиряялъулгун спорталда хурхарал къецал. 2006 соналъ гьарураздa ва гьез-



даса гIисинал гIолилазда гьоркьор тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана нилъер районалдаса командаги. Гьеб командаялъулъ рукIана Дилим, Калининаул, Ленинаул ва Гуни росабалъа цIалдохъаби.

Командаялъул тренераллъун ккола МухIамад ХIамзатов ва Нажмудин Нажмудинов, вакиллъун – Писа МухIамадтIагьиров.

Гьел къецазда нилъер команда кIиабилеб бакIалде бачIана.

## Лига къана

Дагьал церегIан къояз, XI.XI. Мусаевасул кубокалъе гIоло, тIобитIулеб букIараб волейбол хIаялъул лигаялъул ахирисеб тур тIобитIана.

Гьениб 12 команда гIахьаллъана. Лига тIобитIиялъе квербакъана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъ.

Лига къаялъул тадбиралда районалъул администрациялъул бетIерасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловас, XI. Мусаевасул рахъалдасан, данделъаразда баркана лига къай ва бицана гIолеб гIел ВатIан бокьулеблъун куцаялъе ва гьелда гьоркьоб гьудул-гьалмагълъиялъулал бухьенал щула гьариялъе гьединал турниразул бугеб кIваралъул.

Гьединабго кIалъай гьениб гьабуна *«Казбек районалъул гIолилал»* ДРООялъул председатель Пабдула ХIасановасги.

Къецазул хIасилал гьарун хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалде *«Ветеранал»*



команда бачIараблъи, кIиабилеб бакI *«Дилим»* командаялъ босараблъи ва лъабабилеб бакIалде *«Ишал»* команда бачIараблъи.

Призалъул бакIал ккурал командабазе гьенир кубокал, грамотаби, медалал ва, районалъул администрациялъул рахъалдасан, гIарцулал сайгъатал кьуна.

Бечедаб букIана гьеб тадбир батIи-батIияв призал кьеялъул рахъалдасанги. Турниралда бищунго лъикI хIаравлъун рикIкIана АхIмад Эмеев (Буртунай), лъикI гьужум гьабулевлъун- Артур Майков (Ленинаул), торгIо сеткаялде бахъулевлъун - Сайгид Гилахъаев( Дилим), лъикI цIунулевлъун - Шамиль МухIамадов (Гертма), хIаразда гьоркьов бищунго кIудиявлъун ва лъикI хIаравлъун - Исламдин Нажмудинов, гIолохъанав хIалевлъун - Абубакар СултанмухIамадов(Дилим), балагьаразул ракI тIаде цIалевлъун - ХIасан ХIасанханов (Гертма).

Гьединго, лъикI хIаразе Писа Эсенаевас (*«Гьарзалъи»* СПОКлъул директор), ПаIбдулбасир МухIудиновас (*«Дылымское»* ГУПалъул бригадир), районалъул администрациялъул хIалтIухъан ХIамзат ХIадаевас, районалъул гIолилазул парламенталъул член ХIажибег Нуцалхановас гIарцулал сайгъаталги кьуна.

## Зоналиял къецазда...

Араб гIасруялъул 60- абилел соназдаса байбихьун, волейбол хIаялъул рахъалъ, нилъер район цебесеб кьерда букIанин абизе бегьула. Гьедин букIараблъи тасдикъ гьабула ахирияль соназ батIи-батIияв къецазда нилъер гIолилал васазулгун ясазул командабаз росарал бергьенлъабаз.



1-3 декабралда Дилим росулъ тIобитIана, бихьиназда гьоркьоб волейбол хIаялъул рахъалъ, Дагъистаналъул Северияб зоналъул чемпионат.

Гьенир гIахьаллъана нилъер, ЦIияблак, Хасавюрт, Бабаюрт районазулгун Хасавюрт шагьаралъул командаби.

ХIалуцарал хIаяздаса хадуб, тIоцебесеб бакIалде Хасавюрт районалъул команда бачIана, кIиабилеб бакI нилъер командаялъ босана ва лъабабилеб бакIалъе Бабаюрт районалъул команда мустахIикълъана.

Призалъулал бакIазе мустахIикълъарал гьел командабазе Дагъистаналъул чемпионаталъул финалалда гIахьаллъизе рес щвана.

***Гьумер хIадур гьабуна Насрула Алиукъаевасул материалаздасан***

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.XI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**